



# THE STEPHEN PHILLIPS MEMORIAL SCHOLARSHIP FUND

## ANE AKADEMIK 2025-2026

### KONSÈNAN BOUS LA

Bous destid memoryal Stephen Phillips lan, (Stephen Phillips Memorial Scholarship Fund) ofri 4 ane bous ki ka renouvle ak elèv ki bezwen èd finans. Bous sa a la pou elèv ki pran angajman pou ede lòt moun (nan lekòl, nan kominote yo oubyen lakay yo), yon moun ki toujou ap travay pandan li lekòl, e ki demontre matirite ak konpetans an fas tout defi, e ki gen bon kontwòl nan tout sa l'ap fè.

- ✓ Aplikan yo ka ale nan nepòt kolèj Etazini, men yo dwe soti nan New England.
- ✓ Prim yo limite a sèlman etidyan k'ap chèche premye diplòm bakaloreya yo nan yon 4 an kolèj nan ane 2025-2026.
- ✓ Aplikan yo dwe gen yon GPA 3.0 oswa pi wo sou yon echèl 4.0 pou yo konsidere yo.
- ✓ Elèv yo dwe patisipe nan sèvis kominotè (nan lekòl yo, nan kominote a, oubyen lakay yo), epi yo ta dwe gen yon istwa travay nan tan lib yo.
- ✓ Aplikan yo dwe gen bezwen finansyè. Anvan yo kòmanse aplikasyon an, aplikan yo ta dwe itilize kalkilatris finansye a sou sit entènèt Phillips la, pou asire ke yo kalifye finansyèman.  
*Se entansyon nou pou bay elèv ki nan gran bezwen e ki pa gen ase èd. (Student Aid Indexes) (SAI) \$13,000 oswa mwens, byenke fanmi ki gen sitiyoasyon finansyè espesyal ta dwe rele oswa imèl pou wè si yo ka aplike. Bezwen finansye yon etidyan pran an konsiderasyon bous detid ak sibvansyon nan òf pou prim èd finansye yo; Se poutèt sa, etidyan yo bezwen enfòmasyon sa yo pou kalkile bezwen yo.  
86% etidyan ki te resevwa prim yo an 2024 te gen AGI paran yo mwens pase \$85,000 e 85% novo elev ki jwenn prim nan gen yon Federal SAI mwens ke 6,000.*
- ✓ Aplikan yo dwe swa sitwayen ameriken oswa moun ki pa sitwayen ameriken. Men, yo gen yon dokiman legal ak otorizasyon travay Ozetazini.

### KIJAN POU APLIKE

Vizite [www.phillips-scholarship.org](http://www.phillips-scholarship.org) pou plis enfòmasyon sou aplikasyon pou bousdetid la epi pou jwenn aksè nan aplikasyon bousdetid la. **Aplikasyon yo dwe soumèt atravè fòm sou entènèt la.** Yo p'ap konsidere aplikasyon yo voye pa lapòs. Kòmanse aplikasyon an sou entènèt la bonè, pou'w ka fini a repons yo epi pou rekòmandatè yo gen tan pou reponn demann ou an. Pifò aplikan yo rapòte ke li pran yo de 1 a 6 èdtan pou ranpli aplikasyon an. **Pou ranpli aplikasyon ou an, w'ap bezwen telechaje :**

- ✓ Yon disètasyon fòmèl ak kèk repons kout
- ✓ Enfòmasyon sou Prim Èd Finansye ki soti nan kolèj oswa inivèsite ou planifye pou'w ale
- ✓ Non ak detay kontak omwen yon rekòmandatè
- ✓ Rezime soumisyon FAFSA ou (FSS) an 2025-26.

**Dat limit regilye - 12 midi, 1ye me 2025.**

*Y'ap fè aplikan yo konnen desizyon yo nan fen mwa jen.*

**Dat limit repons rapid - 12 midi 3 avril 2025.**

*Disponib sèlman pou elèv lekòl segondè ki gen enfòmasyon sou èd finansye nan kolèj yo vle ale a. Premye 400 elèv ki depoze aplikasyon yo anvan 3 Avril pral resevwa yon desizyon anvan repons avan dat yo te bay la.*

**Fòm W-2 Etidyan 2024 (yo) ak Fòm fiskal Paran 2023.**

*Yo ka mande fòm sa yo pita nan pwosesis la.*



THE STEPHEN PHILLIPS MEMORIAL SCHOLARSHIP FUND, INC.

PO Box 870 • SALEM MA 01970

[www.phillips-scholarship.org](http://www.phillips-scholarship.org) • [staff@spscholars.org](mailto:staff@spscholars.org) • 978-744-2111